



Pou Piblikasyon Imedya: 01/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWEN ESANSYÈL NAN PASAJ BIDJÈ 2015-16 ETA

### *Bidjè a Gen Ladan Refòm Prensipal Edikasyon ak Investisman*

### *Refòm Etik Revolisyonè Gen Ladan Lwa pi Solid ak pi Konplè pou Otorite Piblik yo ki gen revni eksteryè*

### *Investisman \$5.4 Milya nan Ekonomi Eta New York*

### *Ogmantasyon Depans Kontinye Rete Anba 2% pou 5yèm ane youn dèyè Lòt*

#### Deklarasyon Gouvènè Andrew M. Cuomo:

“Pou senkyèm ane youn dèyè lòt, Bidjè Eta kenbe kwasans pou depans anba de pousan ak kontinye yon dosye disiplin fiskal ki te ranvèse plizyè deseni bidjè ki te ogmante depans pi rapid pase enflasyon oswa kwasans nan revni pèsonèl.

“Bidjè \$142 milya sa se bidjè ki pi siyifikatif ke nou te dakò depi anpil ane, non akoz de sa nap depanse men akoz fason nap depanse l. Nou pap non sèlman kenbe sèvis yo ansanm avèk bagay yo menm jan nan bidjè sa a. Nap investi nan yon nouvo avni pou eta nou an.

“Bidjè sa akse sou de nan kesyon ki pi fondamantal ak difisil pou regle ki te toumante eta pandan anpil jenerasyon – edikasyon ak etik.

“Lè li kesyon de edikasyon, bidjè nou apwouve a pral transfòme sistèm lekòl nou an nan fason ki konpreyansif. Refòm nou te ajoute yo pral mennen nou nan yon sistèm edikasyon ki bay rezilta ki peye, adrese defi ak mande responsabilite.

“Se poutèt sa mwen te ajoute yon ogmantasyon sis pousan nan nouvo depans lekòl – kolekte finansman eta pou lekòl a yon rekò elve \$23.5 milya nan bidjè ane sa a– a refòm esansyèl, enkli amelyorasyon nan sistèm yo pou evalyasyon pwofesè, sètifikasyon ansanm avèk bay nouvo otorite pou amelyore lekòl ki pa bay pefòmans yo.

“Ane sa a nap finalman asire ke sistèm edikasyon New York la pral osijè elèv yo li destine pou sèvi, olye ke li senpleman kontinye yon biwokrasi.

“Mwen te dekri bidjè mwen te premye pwopoze a jis de mwa de sa kòm yon Ajanda Opòtinite. Enpòtans ki genyen nan refòm edikasyon nou tap goumen an pou n antre nan bidjè ane sa montre ke nou kwè ke pa gen pi gwo chemen opòtinite pase yon bon edikasyon.

“Lòt kesyon transfòmasyon bidjè sa adrese se kesyon etik. Feblès fondamantal nan lwa etik nou yo te santre sou kesyon otorite piblik yo, gen yon konfli ant travay yo fè pou elektè yo avèk sous revni eksteryè yo.

“Retounen nan omwen ane 1910, Gouvènè yo te eseye takle pwoblèm pèsistan ak difisil sa ki se etik nan gouvènman eta ak konfli enterè, men an plizyè fwa yo te kontrekare l.

“Gen mank nan etik e koripsyon ap kontinye pandan deseni yo. Yon rapò nan ane 1967 nan New York Times te note ke 38 lejislatè eta te rapòte enterè finansye nan antrepriz yo ki règleman pa ajans eta yo.

“Nan dènye katran ki sot pase yo nou te pran mezi pou adrese pwoblèm divilgasyon an. Nan 2011, nou te adopte Lwa sou Netwayaj [Clean Up Albany Act] nan Albany, nan fason ki enpòtan elaji egzijans divilgasyon, pou premye fwa, mete tout enfòmasyon disponib pou piblik la. Nan 2014, nou te ranfòse Lwa New York sou koripsyon, te kreye nouvo lwa sou krim “Kòwonp Gouvènman an” ak “Koripsyon Piblik,” enpoze yon entèdiksyon pou tout lavi nan sèvi ak benefisyè kontra gouvènman pou nenpòt moun ki kondane nan nenpòt nouvo krim koripsyon piblik ak adopte yon egzijans pou divilgasyon pou don politik, mandate pi souvan pou rapòte depans endepandan ak sous lajan yo.

“Men nou konnen nou dwe fè plis ankò. Bidjè sa fè sa e li gen ladan senk pwopozisyon enpòtan ke mwen te entwodui pandan yon diskou nan mwa fevriye. Mezi sa yo pral kreye lwa etik ki pi konplè ak global pou otorite piblik yo nan nenpòt eta nan peyi a.

“Sa se yon Bidjè ki rann tout Nouyòkè fyè.”

Bidjè a afekte eta tou \$5.4 milya dola nan règleman finansye pou kontinye grandi ak ranfòse ekonomi New York jan Gouvènè a te souliye l nan Ajanda Opòtinite orijinal li a. Sa gen ladan Inisyativ Revitalizasyon Upstate \$1.5 milya pou relanse pi bon apwòch a devlopman ekonomik, \$1.3 milya pou estabilize Thruway Authority epi kenbe frè tòll yo pi ba pandan yo toujou ap finanse pou reparasyon enpòtan ak antretyen ak sipòte konstriksyon ki ankou nan nouvo Pon NY yo, ak \$500 milyon pou asire ke chak Nouyòkè gen aksè a laj bann nan fen ane 2018 – reprezante investisman laj bann ki pi gwo ak pi fonsè eta nan peyi a.


Anba wap jwenn pwen esansyèl yo nan Bidjè 2015-16 Eta:

## EDIKASYON: GRAN EGALIZATÈ A

### **Lwa 2015 sou Transfòmasyon nan Edikasyon**

Sistèm edikasyon New York la defini pou l enplemanse kèk nan refòm ki pi enpòtan ak fondamantal nan ane yo grasa Lwa sou Transfòmasyon Edikasyon. Bidjè a gen ladan pwopozisyon Gouvènè a pou yon ogmantasyon \$1.3 milya nan sipò edikasyon eta pou pote finansman edikasyon nan nivo ki pi elve pase anvan– \$23.5 milya.

Konpozan yo nan transfòmasyon an se sa ki annaprè yo:



1. **Rekritman ki pi bon ak pi briyan:** Pou atire pwofesè ki pi bon ak pi briyan nan domèn ansèyman, bidjè a bay lajan pou yon nouvo pwogram bous detid konplè pou elèv ki alatèt yo nan SUNY/CUNY ki angaje pou anseye nan New York pou senkan.

2. **Pwogram Akreditasyon Etid Siperyè:** Yo pral etabli premye pwogram inifòm estanda nan tout eta pou preparasyon pwofesè, e SED pral gen plis otorite pou fèmen pwogram yo ki pa prepare etidyan yo pou pwofesyon ansèyman.

3. **Pwofesè "Bar" Egzamen / CTE:** Eta aktyèlman egzije pou pwofesè yo pase yon egzamen "bar" – e li pral kounye a egzije pou pwofesè yo konplete 100 èdtan edikasyon kontinyèl epi resètifye chak senkan oswa yap pèdi lisans yo.

4. **Sistèm Evalyasyon Pwofesè:** Yo pral etabli yon sistèm remanye evalyasyon pwofesè kote yo klase edikatè yo nan de kategori, pèfòmans elèv ak obsèvasyon pwofesè.

- *Pèfòmans elèv– Distri yo pral itilize yon mezi estanda eta, oswa yo ka chwazi pou itilize yon evalyasyon siplemantè eta konsevwa.*

- i. Si yon pwofesè resevwa yon nòt inefikas nan sou-konpozan mezi eta, pwofesè a pa kapab gen nòt efikas oswa otman efikas anjeneral.
  - ii. Si yon distri lokal chwazi pou itilize yon evalyasyon siplemantè eta konsevwa e pwofesè a pa efikas lè toulède sou-konpozan yo konbine, pwofesè a dwe gen nòt inefikas anjeneral.
  - iii. Eta atribye enpòtans pou kategori sa a ansanm avèk sou-konpozan li yo.
  - *Obsèvasyon Pwofesè – Kategori sa dwe gen ladan de sou-konpozan: obsèvasyon prensipal ak obsèvasyon endepandan. Yo ka ajoute obsèvasyon elèv yo selon diskresyon Komisyonè a.*
    - i. Si yon pwofesè resevwa yon nòt inefikas nan kategori obsèvasyon pwofesè a, pwofesè a pa kapab klase efikas oswa otman efikas anjeneral.
    - ii. Eta atribye enpòtans pou kategori sa a ansanm avèk sou-konpozan li yo.
  - *Lòt enfòmasyon adisyonèl pou sonje: Yo pral evalye pwofesè yo sou yon baz echèl a kat pwen. An règleman, Komisonè a pral etabli nivo nòt, barèm nòt ak enpòtans, e Komisyonè a dwe mete sistèm nan anplas nan dat 30 jen 2015. Distri lokal yo dwe mete evalyasyon yo anplas nan dat 15 novanm 2015, nan fason pou yo kalifye pou ogmantasyon èd la.*
- 5. Redwi Egzamen Elèv yo:** Chanselye nan Konsèy Dwayen an pral montre Goouvènè a ansanm avèk rekòmandasyon lejislati a nan dat 1ye jen 2015 sou fason pou diminye sou kantite egzamen lokal ak eta anjeneral, amelyore kalite egzamen yo, ak redwi angwas ak estrès ki gen rapò a tès yo.
- 6. Manda = Pèfòmans:** Lwa 2015 sou transfòmasyon edikasyon manda refòm yo kidonk li baze sou pèfòmans e li pa sèlman yon fonksyon tan.
- Peryòd pwobasyon an pral pwolonje pou yon minimòm katran san okenn dwa otomatik manda nan nenpòt ki pwen.
  - Yon pwofesè dwe jwenn klasman Efikas oswa otman efikas nan omwen twa oswa katran pou l elijib pou resevwa manda. Si yon pwofesè pa reponn a spesifikasyon sa, yo ka mete fen nan sèvis li oswa distri a ka pwolonje peryòd pwobasyon an.
- 7. Bonis & Pwomosyon:** Yo pral bay pwofesè ki gen pi bon pèfòmans yo yon bonis jiska \$20,000, e opòtinite pwomosyon pral lye avèk sistèm evalyasyon an.
- 8. Retire Pwofesè :**
- Pou pwofesè ki pa efikas yo: Nan tout eta, yo pral tande tout odyans yo devan yonsèl ofisye olye devan yon komite. Distri lokal yo pral kapab itilize nouvo pwosedi ranvwa akselere pou revoke pwofesè yo ki gen de klasman inefikas youn dèyè lòt, e yo pral oblije fè sa pou pwofesè yo ki gen twa klasman inefikas youn dèyè lòt.
  - Pou move kondwit: Pwofesè yo akize pou abi seksyèl ak fizik pral jwenn sispansyon san peman e pwosesis odyans lan pral akselere. Pwofesè yo ki kondane pou krim vyolan avèk yon viktim timoun pral otomatikman pèdi lisans yo.

## 9. Lekòl yo ki pa bay bon rezilta:

- Lekòl ki pa bay bon rezilta yo pral gen obligasyon pou yon gen yon plan amelyorasyon anplas eta-apwouve avèk mezi ak objektif randman elèv la. Si yon lekòl ki pa bay pèfòmans pa demontre amelyorasyon nan fen yon lane, lekòl la prale nan fayit. Pandan ane sa, swa sipè-entandan oswa chanselye a pral envesti avèk plis pouvwa pou resevwa.
- Antite ki pral resevwa pral gen pouvwa pou anboche ak revoke anplwaye epi restriktire lekòl la.
- \$75 milyon pral disponib pou ede lekòl ki pa bay yon rezilta yo amelyore.

**Investisman Kontinye Pre-K:** Bidjè a enkli \$365 milyon pou kontinye angajman \$1.5 milya nou an sou yon peryòd senkan pou jounen konplè pre-k pou timoun ki gen laj 4 ane yo.

**Elaji Pre-K pou timoun ki gen laj 3 ane yo nan distri ki gen demann elve yo:** Anplis, etid montre ke timoun ki gen laj 3 ane yo ki enskri nan bon jan kalite pwogram fè pi gwo pwogrè nan konpetans mantal ak konpòtman. Bidjè sa envesti \$30 milyon anplis pou elaji Pre-K pou timoun laj 3 ak 4 ane nan distri ki gen demann elve yo.

## REFÒM ETIK YO

Etik nan gouvènman ak konfli enterè nan lejislati a te pami pwoblèm ki pi pèsistan Eta New York ap andire depi plizyè jenerasyon. Plizyè administrasyon te atake refòm etik la pandan ane yo, men yo te reyalize siksè limite oswa yo pat gen siksè. Ane sa a, toutfw nou finalman ap adrese pwoblèm sa ki la pandan lontan – mete sou pye pi gwo lwa sou divilgasyon revni eksteryè nan peyi a, ansanm avèk lòt mezi pou dekouraje, detekte ak pini vyolasyon nan konfyans piblik la.

### ***Nouvo egzijans pou mete enfòmasyon deyò***

Otorite piblik pral blije mete deyò tout revni yo ranmase deyò, kiyès ki bay yo l, vre sèvis yo bay pou resevwa revni an epi si gen yon koneksyon kèlkonk ak gouvènman eta a oswa biwo yap dirije a oswa travay piblik yo. Espesyalman: :

- Tout otorite piblik dwe pibliye nati chak sous konpansasyon eksteryè ki depase \$1,000.
- Okenn lejislatè, anplwaye lejislatif oswa ofisye eta ka resevwa nenpòt kalite konpansasyon, dirèkteman oswa endirèkteman, anrapò avèk yon pwojè lwa ki annatant oswa rezolisyon.
- Tout otorite piblik yo ki pèsònèlman bay sèvis keseswa yap travay endividyèlman oswa kòm yon manm oswa anplwaye yon biznis oswa konpayi, tankou avoka, koutye imobilye, e yo resevwa konpansasyon yon pratik/kliyan ki depase \$5,000 yo dwe devwale non pratik/kliyan, sèvis ki te bay, kantite lajan e keseswa sèvis la te gen rapò a aksyon gouvènman. Yo pral egzante divilgasyon sèten aktivite sansib kliyan tankou ka gad timoun, preparasyon testaman, pwosedi maryaj, fayit ak pwosedi kriminel ak transfè papyè kay rezidansyèl.

Bidjè a elaji lwa sou Lòbi a pou kouvri lòbi minisipalite ki gen yon popilasyon 5,000 oswa plis moun – lwa aktyèl la tabli nan minisipalite ki gen yon popilasyon 50,000 moun oswa plis.

### ***Konfiskasyon Pansyon***

Otorite piblik ki koupab koripsyon piblik pa ta dwe gen kontribiyab peye pou retrèt yo. Akò a pral aplike sou lwa konfiskasyon retrèt pou tout otorite piblik yo ki kondane pou koripsyon piblik, enkli sa yo ki antre nan sistèm retrèt la anvan adopsyon lwa konfiskasyon pansyon nan 2011. Lwa a otorize yon jij pou pwoteje yon konjwen inonsan e li te antre anvigè apre dezyèm pasaj yon amannman konstitisyonèl pa lejislati a ak apwobasyon elektè nan 2017.

### ***Refòm Endamnite pa Jou***

Akò a pral imedyatman refòme endamnite pa jou lè yo etabli yon seri egzijans verifikasyon ki gen ladan:

- Pou asire yon fonksyonè nan lokasyon yo deklare ke yo ye a, lejislati a pral enstale yon sistèm elektwonik ki verifye prezans pèsonèl lejislatè yo nan yon aktivite ofisyèl.
- Prezidan an pral devlope ak aplike règleman yo pou verifye prezans nan aktivite ofisyèl yo epi etabli estanda ak limit pou aktivite ranbousab yo.
- Règleman federal pral dirije ranbousman yo.
- Lejislati a pral kreye yon sitwèb ki aksesib a piblik la ki montre ranbousman ak vwayaj manm yo.

### ***Entèdiksyon Lajan Kanpay pou Itilizasyon Pèsonèl***

Bidjè a entèdi pou itilize lajan kanpay pou itilizasyon pèsonèl. Yo pral defini kalite itilizasyon pèsonèl yo tankou depans ki fèt eksklizivman pou benefis pèsonèl kandida oswa nenpòt lòt moun, ki pa anrapò avèk yon kanpay politik oswa ki gen yon pozisyon piblik oswa pati. Lwa a pral gen ladann yon lis ki bay itilizasyon ki entèdi nan kontribisyon lajan kanpay pou depans ki pa gen rapò a yon kanpay oswa yon biwo piblik tankou achte kay rezidansyèl, peman ipotèk, lwaye, rad, peman lekòl, salè pou moun ki pap fè travay kanpay la, admisyon nan aktivite espòtif, amann ak penalite ak lajan pou country clubs ak klib sante.

### ***Piblikasyon Finans Kanpay***

Pwopozisyon an pral kontinye ogmante egzijans la pou mete deyò depans endepandan pou rantre ladann depans endepandan sou kominikasyon ki fèt nan 60 jou anvan yon eleksyon jeneral oswa espesyal, ak 30 jou anvan yon eleksyon primè pou referans yon kliyan ki idantifye aklè.

### ***Finansman adisyonèl pou Ranfòsman; Revizyon JCOPE pou asire Pèfòmans***

Bidjè a bay tou 1.2 milyon dola adisyonèl pou ranfòsman aktivite nan Komisyon konjwen an sou Etik Piblik, pou elve yon ogmantasyon 27 pousan nan bidjè fonksyonman Komisyon an. Bidjè a gen ladann tou lajan adisyonèl pou sipòte modènizasyon sistèm teknoloji nan Komisyon an.

Anplis, pou asire ke Komisyon an ap fonksyone efektivman ak efikasan pou ranfòse règleman yo sou etik, Gouvènè a ak Lejislati a dwe nome yon komisyon uit moun nan lesplas 30 jou pou revize ak evalye aktivite ak pèfòmans Komisyon konjwen an sou Etik Piblik ak Komisyon Etik Lejislativ la.

## **\$5.4 MILYA ENVESTISMAN NAN EKONOMI NEW YORK**

Bidjè a dirije \$5.4 milya dola New York nan règleman finansye nan direksyon eleman ki pral grandi ekonomi an sou lontèm ak pozisyon chak rejyon nan eta pou kwasans nan lavni, patikilyèman nan pati nò a. Sa a gen ladan sipò kap kondwi lokalman priyorite pou devlopman ekonomik ak ranfòsman nan kèk nan fòm enfrastrikti ki pi enpòtan nan eta. Investisman sa yo gen ladan:

### ***Lanse inisyativ Revitalizasyon \$1.5 milya nan pati nò a***

Akò a gen ladan inisyativ revitalizasyon Gouvènè a pwopoze pou pati nò a. Konpetisyon sa a pral repwodui inisyativ Buffalo Billion ki gen siksè pou ede plis rekiperasyon ekonomik nan pati Nò New York. Sèt rejyon kalifye pou fè konpetisyon pou youn nan twa fon \$500 milyon pou revitalizasyon nò eta: Mid-Hudson, Capital Region, Mohawk Valley, Central New York, North Country, Southern Tier ak Finger Lakes. Pwojè yo montre enpak nan nivo rejyon an sa ki pral fè l yon priyorite e li ta dwe akse sou ranfòse enfrastrikti enpòtan, revitalize kominote yo, ranfòse devlopman mendèv, devlope touris, ak amelyore kalite lavi.

### ***Envesti nan Nouvo Pon NY epi stabilize NYS Thruway***

Bidjè a envesti \$1.3 milya nan sistèm Thruway Eta New York pou kenbe pri tòll yo ba pandan lap enpleman egalman reparasyon ki enpòtan ak inisyativ antretyen, ak sipòte konstriksyon Pon Tappan Zee ak lòt opsyon altènatif transpòtasyon.

### ***Asire aksè laj bann entènèt wo-vitès nan tout eta nan fen ane 2018***

Gouvènè Cuomo te etabli yon objektif anbisye pou asire ke chak Nouyòkè gen aksè a sèvis entènèt wot vitès nan fen ane 2018. Nan fason pou akonpli sa a, Gouvènè a te pwopoze pou lanse yon pwogram laj bann nan tout eta a ki ogmante omwen yon lòt \$500 milyon nan resous prive pou kreye nouvo pwogram NY Broadband. Pwogram lan pral ankouraje founisè yo nan sektè prive a pou elaji aksè entènèt wot vitès nan kominote ki defavorize ak mal desèvi yo. Sa a se investisman eta ki pi gwo ak pi anbisye nan deplwaman laj bann inivèsèl nan peyi a.

### ***Sipò pou Pwojè Kapital pou Sistèm Swen Sante***

Yo rezève \$400 milyon pou sipòte dèt pou restriktire ak lòt pwojè kapital pou sistèm swen sante nan kominote riral yo pou fasilite transfòmasyon swen sante. Sistèm swen sante nan pati nò a yo se founisè sèvis ki esansyèl ak kèk nan pi gwo anplwayè nan rejyon an. Toutfwa, defi finansye egziste pou sistèm yo ki baze sou ti kominote yo ki izole jeyografikman ki te kapab anpeche patisipasyon yo nan efò refòm enpòtan eta.

### ***Bati nouvo Estasyon Metro-North nan Bronx ak Elaji Aksè nan Estasyon Penn***

Eta a pral bati kat nouvo estasyon nan Bronx – Co-op City, Morris Park, Parkchester, ak

Hunts Point – pou elaji aksè tren pou plis pase 93,000 rezidan kap viv toupre estasyon yo. Pwojè a pral sèvi tou youn nan pi gwo konsantrasyon etablisman medikal nan peyi Etazini nan estasyon Morris Park la. Pri nouvo liy ak estasyon yo ap pi piti pase \$1 milya, avèk Eta a kap envesti \$250 milyon nan finansman sa a.

### ***\$150 Milyon pou Efò kont teworis ak Prevansyon ak Repons Dezaz***

Bidjè a dirije \$150 milyon nan efò pou ede bati yon New York ki pi ansekirite– sa ki gen ladan mezi kap ede eta prevni, prepare ak reponn a sekirite piblik, ak ijans sante, ansanm avèk resous enpòtan kont teworis.

### ***\$150 Milyon pou Devlopman Ekonomik Transfòmatif nan Long Island***

Bidjè a enkli \$150 milyon pou sipòte devlopman ekonomik transfòmatif ak pwojè enfrastrikti nan Long Island. Empire State Devlopman pral revize, evalye ak apwouve pwojè yo. Envestisman Eta pral katalize envestisman prive, stimile devlopman ekonomik enpòtan ak kreyasyon travay pou ede ranfòse kominote lokal yo ansanm avèk ekonomi yo.

### ***\$150 Milyon pou restriktirasyon Minisipal***

New York se kay plis pase 10,500 gouvènman lokal, soti nan bouk ak vilaj, pou rive a distri lekòl, distri ponpye, distri dlo egou, distri ekleraj, ak plis ankò. Pou adrese gaspiyaj ak repetisyon, eta pral bay \$150 milyon nan finansman pou ede gouvènman lokal yo enpleman sèvis pataje transfòmatif ak efò konsolidasyon kap kondwi nan rediksyon taks sou pwopriete.

### ***Envesti \$65 milyon nan sant enfrastrikti pò ak tren***

Bidjè a gen ladan \$65 milyon pou pwojè enfrastrikti transfòmatif. Finansman pral sipòte yon inisyativ nan tout eta pou finanse pwojè enfrastrikti konplèks a gran echèl nan Eta ak mobilize metòd livrezon pwojè inovatif, enkli konsepsyon-konstriksiyon ak patenarya piblik prive. Eta pral bay resous nan fason ki annaprè a:

- \$40 milyon a Pò Oswego pou relye avèk Pò New York epi kreye plis lakou tren entèmodal nan Syracuse ak Binghamton. Kalite amelyorasyon sa yo pral redwi trafik gwo kamyon sou otowout nan pati sid eta, devlope kapasite ekspòtasyon antrepriz gwo mwayèn ak piti nan nò eta, ak elaji efò founisè sèvis rejyonal yo.
- \$15 milyon pou amelyorasyon Pò Albany pou asire ke pati nò New York pare pou l jere ogmantasyon ki prevwa nan kantite kago kontenè akòz ekspansyon Kanal Panama nan 2016. Envestisman eta pral sipòte amelyorasyon nan waf southern dock pou elaji kapasite anbakman epi sèvi operasyon sereyal.
- \$10 milyon pou amelyorasyon etablisman ak ekipman waf Ogdensburg, sa ki gen ladan apwofondi waf la pou akomode pi gwo bato epi elaji depo sèl ak sereyal.

### ***\$50 Milyon pou Transfòme Fairgrounds Eta***

Bidjè a gen ladan \$50 milyon nan lajan pwojè Kapital pou Fairgrounds Eta. Se te pandan plis pase yon santèn ane depi Fwa Eta New York te anbake sou yon pwojè kapital transfòmatif. Se te nan ane 1909 lè premye nan bilding yo te konplete nan kad devlopman sa a. Ane sa a nou te depoze fondasyon pou nouvo syèk la yon nouvo Fwa



Eta dinamik, youn ki pral sipòte ekonomi santral New York, montre manje New York ak agrikilti epi revitalize konte Onondaga nan yon fason ki san parèy. Grasa yon investisman \$50 milyon nou pral transfòme Fwa Eta New York an yon etablisman plizyè itilizasyon -pou amelyore sit fwa ak nan kominote avwazinan yo pou kreye yon destinasyon touris ak - amizman nivo mondyal, sa ki fè gwo fwa Eta nan peyi a epi bay aktivite ekonomik amelyore pou deseni kap vini yo.

### ***\$50 milyon pou Elaji & Pwoteje Agrikilti nan Southern Tier & Hudson Valley***

Bidjè a gen ladan \$50 milyon pou inisyativ Agrikilti Gouvènè a pwopoze nan Southern Tier ak Hudson Valley. Sa yo pral sipòte fèm nan rejyon an nan ede mèt tè yo kenbe ak pwoteje tè agrikòl yo, ansanm avèk devlope ak grandi fèm, ak biznis ki gen rapò avèk agrikilti.

## **ELAJI OPÒTINITE AK ASIRE EGALITE POU TOUT MOUN**

Bidjè a gen ladan tou ajanda mobilite ekonomik Gouvènè a, ki fèt pou ede bay chak Nouyòkè yon chans pou reyisi:

- 1. Investi nan lojman a bon mache ak devlopman kominotè:** Chak Nouyòkè ta dwe gen aksè a yon kote ki pi bon mache pou yo rele lakay yo – e bidjè a investi \$477 milyon pou plizyè pwogram lojman nan tout eta pou ede fè sa vini yon reyalite. Sa a gen ladan \$229 milyon nan resous lojman kapital pou 2015-16, yon ogmantasyon \$32 milyon sou resous yo ki disponib nan 2014-15, sa ki kontinye pwogram istorik lojman senkan \$1 billion House NY ki te kòmanse nan 2013-14 pou kreye ak prezève plis pase 14,000 inite lojman a bon mache nan tout eta. Investisman eta pral gen ladan tou \$248 milyon ki soti nan pwodui règleman JP Morgan pou sipòte diferan pwogram devlopman lojman ak kominotè, enkli \$100 milyon pou reparasyon enpòtan nan devlopman NYCHA, \$50 milyon pou nouvo lojman pou klas mwayèn ak renovasyon nan devlopman Mitchell Lama ki egziste deja, ansanm avèk sipò pou pwogram asistans ipotèk ki vize moun ki andikape, granmoun ak veteran yo.
- 2. Soulajman Prè Etidyan:** Pwogram Padon Prè pou retounen sou pye ou fèt pou ede rezidan Eta New York ki elijib yo ki diplome nan kolèj e ki kontinye ap viv nan eta pou yo pa peye anyen sou prè etidyan yo pou premye dezan apre yo soti lekòl. Pou diplome yo ki touche mwens pase \$50,000 pa ane, pwogram retounen sou pye w la pral konlete pwogram repeman prè ki baze sou revni federal Pay As You Earn (PAYE). Kantite lajan yon patisipan pral benefiye pral baze sou kantite lajan li dwe ak revni brit ajiste yo. Yo estime pwogram lan ap ede 7,100 diplome nan premye ane l ak plis pase 24,000 patisipan chak ane nan 2019-20.
- 3. Devlope pwogram Iben Travay Jèn:** Pandan ke New York ap kontinye fè pwogrè nan kreye travay ak redwi chomaj, jèn yo nan sant vil la toujou ap fè fas avèk to chomaj elve ki pa akseptab. Pou adrese sa a, Bidjè a double finansman anyèl pou pwogram travay jèn iben Gouvènè a \$20 milyon.
- 4. Ogmante opòtinite biznis MWBE yo:** New York ap kontinye investi plis nan minorite - ak biznis fi posede, plis ke double angajman l a MWBE yo depi Gouvènè Cuomo te antre nan administrasyon an. Ane sa a, eta ap ogmante objektif li a 30 pousan nan tout kontra eta – sa ki pi anbisyè nan peyi a.

5. **Konbat grangou:** An repons a rekòmandasyon gwoup travay kont grangou te prezante a, Gouvènè a jodia te anonse ke lap angaje \$4.5 milya pou l ranfòse sistèm ijans manje Eta sa ki pral ede 2,600 founisè manje ijans sipòte plis pase 3 milyon Nouyòkè ki gen aksè a pwogram manje ijans chak ane. Gouvènè a pral investi tou \$250,000 pou ede nan pwogram gadri pou granmoun ak timoun ogmante finansman federal ki sibvansyone manje gratis pou timoun ak granmoun nan pwogram sa yo ak \$250,000 pou pwogram pou ede konekte lekòl yo avèk kiltivatè New York yo pou asire ke lekòl yo gen aksè a pi bon kalite manje ki grandi lokal.

6. **Ranfòse non-pwofi New York yo:** Pou sipòte travay patnè a bi non likratif Eta, Gouvènè a pral kreye yon pwogram Investisman Kapital Enfrastrikti \$50 milyon dola yonsèl fwa. Pwogram lan pral fè investisman ki vize nan pwojè kapital ki pral amelyore kalite, efikasite, aksesibilite, ak atenn òganizasyon sèvis imen a bi non likratif yo kap sèvi Nouyòkè yo. Yo pral bay sibvansyon grasa yon pwosesis konpetitif pou non-pwofi ki kalifye yo kap bay sèvis dirèk a Nouyòkè yo grasa kontra eta, peman eta otorize, ak/oswa pousantaj peman eta.

7. **Bay asistans a sanzabri nou yo:** Anplis de \$780 milyon ki egziste deja nan depans anyèl pou pwogram sèvis sanzabri yo ki administre oswa jere pa Biwo Asistans Tanporè ak Andikap, Bidjè a investi \$432 milyon nan sèvis sanzabri nan tout eta sou pwochen ane yo. Sa a gen ladan \$275 milyon pou pwogram asistans lwaye ak lòt sèvis ki adrese bezwen popilasyon sanzabri nan Vil New York; \$124.5 milyon pou yon nouvo pwogram NY/NY IV nan tout eta sa ki pwojete pou kreye plis pase 5,000 nouvo inite lojman sipòtif ak pousantaj amelyore pou inite lojman yo ki egziste deja; \$27 milyon pou plafon lwaye pou moun ki gen VIH/SIDA ki nan Vil New York; ak \$5.5 milyon pou sèvis sipò prevansyon sanzabri ak jèn ki kite lakay yo ak sèvis pou jèn ki sanzabri yo. Nan total investisman \$432 milyon an, \$220 milyon vini nan epay pataje Vil New York ki gen rapò a yon plafon nan tout eta sou faktirasyon etablisman jèn yo. Selon inisyativ sa a, Vil la gen obligasyon pou l matche fon Eta pou yon total investisman Vil/Eta \$440 milyon sou yon peryòd katran. \$191.5 milyon dola adisyonèl finanse atravè fon règleman JP Morgan e rès \$20.5 milyon an se nouvo sipò eta.

8. **Inisyativ Anti-Povrete pou Rochester, Syracuse, ak Binghamton:** Ajanda opòtinite Gouvènè a gen ladan kreyasyon inisyativ anti-povrete Rochester-Monroe pou konbat povrete. Nan fè patenarya avèk Gwoup travay Anti povrete Rochester ki gen ladan ajans yo nan eta a lòt reprezantan gouvènman, Inisyativ Anti-povrete Rochester-Monroe travay pou pi byen kowòdone resous ki egziste yo, kreye sèvis entegre, itilize done ak teknoloji enfòmasyon, devlope plis aranjman finansman fleksib, epi evalye sèvis yo ki baze sou rezilta. Bidjè elaji inisyativ sa nan Syracuse ak Konte Binghamton/Broome e li enkli \$725,000 nan sipò.

Ajanda mobilite ekonomik Gouvènè a ap konplete pa yon kantite lòt investisman ak inisyativ ki fèt pou elaji opòtinite ak bati yon New York ki pi fò, ansante ak ekitab, enkli:

### ***Ogmante Laj la***

Bidjè a rekonèt enpòtans pou ogmante laj responsabilite kriminel nan ajoute finansman ki pral disponib imedyatman a gouvènman lokal yo pou asire preparasyon, ansanm avèk lòt finansman ki pral disponib sou adopsyon lejislasyon pou Ogmante Laj ke yo espere nan sesyon lejislativ sa.

### ***Investisman Kapital \$1 Milya nan Lopital***

Nan kad transfòmasyon sistèm swen sante New York, Bidjè a bay \$1 milya dola nan nouvo investisman kapital pou fè amelyorasyon enfrastrikti ak bay zouti adisyonèl pou stabilize founisè swen sante yo pou avanse objektif transfòmasyon swen sante. Investisman sa a gen ladan \$700 milyon nan finansman kapital pou stabilize sistèm livrezon swen sante ak lès Brooklyn, ak \$300 milyon pou kreye yon sistèm livrezon sante entegre nan Konte Oneida pou diminye kabann ki pa nesèsè pou pasyan ki pa entèn ak elaji sèvis swen prensipal.

### ***Ogmante investisman nan Fon Pwoteksyon Anviwonman***

Bidjè ki adopte a ogmante Fon Pwoteksyon Anviwonman a \$177 milyon dola, yon ogmantasyon de 32 pousan depi Gouvènè Cuomo te antre nan administrasyon an. Ogmantasyon \$15 milyon an pral sipòte ogmantasyon nan katòz kategori, sa ki enkli konsèvasyon tè, jesyon ak kontwòl espès anvayisan ak prevansyon. Ogmantasyon an gen ladan yon nouvo sou-alokasyon pou kapasite sibvansyon a gwoup zanmi park Eta.

### ***Refòm Frich Endistriyèl ak Sipè-foin Eta***

Bidjè a etann a pwogram netwayaj frich endistriyèl pou dizan, e li gen ladan refòm enpòtan pou pwoteje kontribyab yo ak pwomote redevlopman frich endistriyèl, patikilyèman nan pati nò eta. Bidjè a enkli tou yon nouvo afektasyon \$100 milyon ak elaji pwogram netwayaj Sipè-foin Eta pou 10 ane, sa ki te yon enstriman nan idantifye, investigate ak netwaye dechè danjere sou sit yo toupatou nan Eta.

### ***Amelyore Preparasyon pou Devèsman Lwil***

An repons a ogmantasyon lwil brit ki te transpòte atravè Eta New York, Bidjè a bay finansman pou anplwaye adisyonèl ki konsakre a planifikasyon devèsman lwil, fòmasyon ak repons, ki konsistan avèk Dekrè Egzekitif 125 Gouvènè a sa ki montre etap yo Eta ap pran pou amelyore repons ak prevansyon nan devèsman lwil brit. Bidjè a bay tou lajan ki nesèsè pou planifikasyon ak depans preparasyon epi asire solvabilite Lajan pou Devèsman Lwil brit nan ogmante frè pou lwil ki transpòte atravè New York.

### ***Rebati nan Konsepsyon***

Bidjè a etann konstriksyon otorite Design Build pou dezan adisyonèl. Re-otorizasyon enpòtan sa pèmèt Eta pou l kontinye akselere livrezon pwojè ki pwograme yo, redwi depans pwojè yo, kreye travay pou Nouyòkè yo, ak plènman angaje efikasite nan sektè prive a nan devlopman pwojè enfrastrikti piblik.

### ***Ranfòse Wout ak Pon yo nan Tout Eta***

Bidjè a gen ladan \$1 milyon pou reparasyon ki enpòtan ak jefò antretyen sou rezo wout ak pon eta, finalman amelyore fòs ak rezistans enfrastrikti wout yo nan tout eta.

### ***Èd Kapital Lokal pou rekouvreman nan kondisyon meteyolojik grav***

Bidjè a gen ladan yon kapital adisyonèl \$50 milyon dola pou ede minisipalite yo repara ak reyabilite wout lokal ak pon yo ki te touche nan tanperati ivè ekstrèm lan.

### ***Ogmante èd nan Transpò Upstate***

Sistèm transpò nan pati nò a pral resevwa yon \$25 milyon siplemantè ane sa a, \$10 milyon nan fonksyonman ak \$15 milyon nan nouvo depans kapital. Finansman sa a pral ede ogmante depans fonksyonman ak soulaje nan ogmantasyon tarif ak koupe nan sèvis yo.

### ***Sipò pou Fort Drum***

Fort Drum se youn nan trezò New York ak yon ankraj enstitisyonèl pou rejyon li yo. Plis pase 50,000 rezidan North Country yo konte sou baz sa pou establiite ekonomik. Pou asire ke Fort Drum rete yon gwo enstalasyon nan New York ak yon kay diy pou 10<sup>yèm</sup> Mountain Division, Bidjè a gen ladan \$1.5 milyon pou achte tè pou fòmasyon ak \$25 milyon pou amelyorasyon nan wout 26.

### ***Lansman yon lòt wonn \$110 milyon NYSUNY2020 ak NYCUNY2020***

SUNY2020 ak CUNY2020 se pwogram sibvansyon difisil ki fèt pou anmenmtan ranfòse pwogram akademik nan kolèj ak inivèsite piblik Eta pandan lap ensite kwasans ekonomik nan kanpis spesifik ak nan kominote toupre yo. Pwogram lan bay rekonpans pou devlopman kapital nan ak otou kanpis SUNY sk CUNY. Bidjè a enkli \$110 milyon pou kontinye pwogram sa yo.

### ***\$50 Milyon Investisman Kontinyèl nan Pwogram START-UP NY***

Bidjè a enkli tou yon investisman \$50 milyon nan yon efò maketing amelyore pou demontre benefis pou investi ak fè biznis nan New York grasa pwogram inovè tankou START-UP NY. START-UP NY ogmante pwèn fò enstitisyon edikasyon siperyè New York lè yo ankouraje biznis yo pou pran avantaj nan rechèch ak devlopman kapasite, pwogramasyon akademik, ak inisyativ fòmasyon travay ki fè pati nan kanpis kolèj eta. Pandan ke pwogram nan toujou nan premye faz li, START-UP NY te deja garanti angajman ki soti nan 93 konpayi diferan pou investi plis pase \$173 milyon ak kreye oswa kenbe plis pase 2,805 nouvo djòb.

### ***Kontinye pwogrè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal***

Pou kontinye pwogrè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo (REDC), bidjè a enkli \$150 milyon pou finansè pwojè rejyonal priyorite ak \$70 milyon nan kredi taks Eta pou yon senkyèm wonn prim REDC yo. Depi 2011, REDC yo te atribye plis pase \$2.9 milya dola nan finansman Eta atravè yon pwosesis konpetitif pou ensite kreyasyon travay baze sou priyorite rejyonal. Nouvo strateji sa a te bay rezilta nan 150,000 nouvo oswa travay yo te konsève nan New York.

### ***Aliyen Kolèj Kominotè yo nan rejyon yo***

Eta pral etabli konsèy planifikasyon rejyonal pou asire ke kolèj kominotè yo andeyò vil New York kolabore avèk lòt kolèj yo nan rejyon yo nan eta, e kolèj yo, ansanm avèk entèvenan yo ki soti nan lòt ajans yo nan eta, gouvènman lokal ak bizini ak endistri nan

yon rejyon ap travay ansanm. Konsèy sa yo pral etabli pwogram objektif devlopman, enskripsyon ak transfè sou yon baz rejyonal. Sa a pral limite konpetisyon kolèj yo pou etidyan yo nan yon rejyon, ak pi byen amonize edikasyon ak pwogram fòmasyon ki ofri nan objektif devlopman ekonomik rejyonal ak aktivite, epi amelyore rezilta etidyan yo.

### ***Pote atansyon entènasyonal nan Upstate New York nan kontinye yon investisman san parèy nan Kanpay “I LOVE NY”***

New York ap kontinye atire vizitè ki soti toupatou nan mond lan. Kòm yon motè ekonomik, touris sipòte dirèkteman preske 900,000 djòb e li jenere \$59.2 milya nan depans dirèk nan Eta New York. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo eta te triple sipò pou endistri touris avèk mezi ki gen ladan yon kanpay touris \$45 milyon dola. Nivo san parèy sa pral kontinye, soutni pa yon angajman plis pase \$25 milyon pou konplete kanpay maketing ki egziste deja I LOVE NY. Finansman an pral stimile ekonomi touris nou an nan pati nò a ak lòt kote avèk inisyativ ki gen ladan òganize yon lòt wonn nan aktivite Defi Ivè ak Ete Gouvènè a nan Adirondacks, yon tounwa lapèch nan Finger Lakes, ak de koup diven—youn nan Finger Lakes ak youn nan Long Island.

### ***Double Fon Kapital Antrepriz Eta New York***

Bidjè a sipòte agrandisman Fon Kapital Antrepriz Inovasyon Eta New York, de \$50 milyon a \$100 milyon pou sipòte komèsyalizasyon teknoloji nan New York nan fè investisman ekite nan konpayi teknoloji kwasans elve kap ogmante fòs endistriyèl ak gwoupman eta.

### ***Investi \$15 milyon pou ouvè premye kolèj preparasyon ijans peyi a***

Eta pral ouvè yon nouvo kolèj preparasyon ijans ke eta patwone, Homeland Security ak Cybersecurity nan SUNY. Lekòl la pral akòde degre avanse nan alafwa aspè akademik ak pwofesyonèl nan lapolis, sekirite, afè entènasyonal ak piblik, anti-teworis, jesyon ijans, sibè-sekirite ak kriminalistik. Lekòl la pral premye kolèj sekirite homeland sekirite nan peyi a e li pral ouvè pòt li ane pwochen nan University nan Albany avèk yon kanpis satelit nan Oriskany.

### ***Rezèv pou Move Jou***

Bidjè a otorize tou yon ogmantasyon nan Jou Rezèv ijans Eta, sa ki pral amelyore abilite Eta pou mete apa resous pou reponn a bidjè enprevi pou ijans ak bezwen. Pou ane sa, eta ap fè maksimòm depo ki otorize nan rezèv pou move jou, ki estime pou l plis pase \$300 milyon.

Gouvènè a pral kontinye pouse pou pasaj Ajanda Opòtinite konplè l pandan rès sesyon an.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418